


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 49 (7189) 3 декабрь Хамиз 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## Майданскиялда – гIадатазул Центр



**Киса-кибего РДялъул Президентасул тIадкъаялда рекъон РДялъул культураялъул министерствалъ, республикаялъул халкъияб творчествалъул Рукъалъ, шагьаразулгун районазул муниципалиял гIуцIабазул квербакъияллалъун, рагьулел руго Россиялъул халкъазул традиционнияб культураялъул Централ. Гьединаб Центр рагьана 2 декабралда Майданское росулъги.**

Центр рагьиялъулъ гIахьаллъи гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель К. Асадулаевас, райадминистрациялъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъ, «Унсоколо район» МОялъул культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадовас, «Майданское сельсовет» МОялъул бетIер А. НурмухIамадовас, гьединго мадугьалихъ ругел росабазул бутIруз, районалъул гьалбадерица ва росдал гIадамаз.

Баркиялъул кIалъай гьабулаго «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас абуна: «Жакъа нилъеца хассаб кIвар кьолеб буго нилъер халкъазул гIадатал цIуниялде. Нилъер гIадатазул культура – гьеб ккола нилъер гIаммаб рукъалъул гьасито. Гьелъ халкъалъул рекIелъ хинлъи букIинабула, къуват кьола гIумро гьабизеги, хIалтIизеги. Нилъер улкаялъул къуват буго халкъазул культуралъул гIадатазулъ, гьелъул гIадамазул гIемерлъиялъулъ, нилъеца кинабго гьабизе ккола гьел батIи-батIиял рукIин цIуниялъе.

Централда гьалбадерица лъай-хъвай гьабуна миллияб ретIел, некIсиял рукъалъул алатал, халкъиял музыкалиял инструментал ва цогидабги лъураб халкъияб искусствалъул экспозициялъулгун.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав районалъул культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадовас росдал гIадамазда баркана гьеб кIвар бугеб лъугьа-бахъин – Центр рагьи ва районалъул бетIерасул цIаралдасан Централъе кьуна компьютер. Баркиялъул кIалъаял гьаруна росабазул поселениябазул бутIрул А. НурмухIамадовас, Г. ГIабдулаевас, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаевас ва цогидазги.

Хадуб букIана праздникалъулаб концерт. Гьенир цере рахъана районалъул машгьурал кочIохъаби, лъималазул «МутIрузул талихI» ансамблялъул гIахьалчагIи. Гьенибго Зирани гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби, бихьизабуна кополаб сценкаги.

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул рагIабазда рекъон Россиялъул халкъазул традициязул культураялъул Централ рагьун руго районалъул щуго муниципалияб гIуцIиялда, хадурги гьел рагьизе руго районалъул цогидал росабалъги.

*Приоритетниял проектал - гIумроялде*

## «ХIинкъи гьечIеб Дагъистан» букIинабизе

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон райадминистрациялъул комиссиялъ лъазабулеб буго бакIазда приоритетниял проектал гIумроялде рахъинари кин бугебали.

25 ноябралда «Безопасный Дагестан» приоритетнияб проект гIумроялде бахъинабиялъул мурадалда общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам., антитеррористическияб комиссиялъул секретарь Сахратула АхIмадов ва администрациялъул отделалъул нач., террористическияб ва экстремистияб хIаракатчилъи хадубккун гьабичIого тезе хIукму гьабурал гIадамал ракълилаб гIумроялде рачине кумек гьабулеб адаптационнияб комиссиялъул председателасул зам. М. ХIажиев дандчIвана Балахьуни росдал жамагIатгун, мажгиталъул имамгун, мадрасаялъул преподавателалгун ва гIорхъи бахун къватIирехун исламалъул цIалул заведениябазда цIалулел рукIарал гIолохъабигун.

Гьеб дандчIваялъул масъалалъун букIана данделъаразда дунялалдаги, нилъерго улкаялдаги бугеб ахIвал-хIал бичIчIизаби, терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялъул бугеб заралалъул, гьединго росуцоязул пачалихъалда данде чIарал пикраби лъугIизаризе хIажат букIин.

Данделъиялда АхIмадовасги ХIажиевасги жидерго кIалъаязда рагIа-ракьанде щун тIадчIей гьабуна гьоркьоб лъун букIараб суалалда. Данделъаразухъ балагьун гьелъ лъикIаб хIасил кьуна. ДандчIваялъул гIахьалчагIаз гIемерал суалал кьуна гьалбадерие ва гьезие мухIканал жавабалги щвана.

Ахиралда кIалъазе вахъарав росдал чIахIиязул Советалъул вакил ГIабдула ХIажиевас жамагIаталъул рахъалдасан баракала кьуна гьалбадерие интересаб ва пайдаяб дандчIваялъухъ.

<u>**2 декабрь - банкиразул къо**</u>

## Профессионалияб праздникгун

Нилъер районалда «Россельхозбанкалъул» дополнительнияб офис рагьаралдаса анцIгоялде гIагарун сон буго. Гьел саназда гIемер батIи-батIияб хIалалда хIалтIана гьеб. ГьабсагIаталда офисалде жанире рачун руго Унсоколо, Болъихъ, Гумбет, ГIахьвахъ, ЦIумада районал ва гьезул гIадамазе ракI бацIцIадго хъулухъ гьаби буго нижер хIалтIул аслияб рахълъун.

ГьабсагIаталда «Россельхозбанкалъ» кьола пенсионнияб, потребительскияб, автокредит, ипотечнияб кредитал. Рагьизе бегьула тIаде процентал рачIунел батIи-батIиял вкладалги.

Сон букIана банкалъул хIалтIухъабазул профессионалияб праздник. РакI-ракIалъ баркула гьезда ва офисалъул клиентазда праздник! Сахлъи, рохел, гIумруялъулъ битIккей, нужее!

**ХI. НУРМУХIАМАДОВА.**
**«Россельхозбанкалъул» дополнительнияб офисалъул нухмалъулесул ишал тIуралей.**

## ГIолеб гIел куцаялъе



Лъай кьеялъул Министерствалъул хасаб хIукмуялда бихьизабухъе районалъул школазда тIоритIана «Урок толерантности»,-абураб акция.

Байбихьул классазда гьаруна «Дорогой добра» «Толерантность что это?»,- абурал, чIахIиял классазда «Спешите творить добро», «Что такое дружба?» ва цогидалги классалъул сагIтал.

## Конкурсалда гIахьаллъи гьабе

2015 соналъул 11 ноябралда РДялъул Правительствалъ къватIибе биччараб Постановлениялда рекъон РДялъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министерствалъ лъазабулеб буго «Как нам обустроить Дагестан?»,-абураб конкурс. Гьеб тIобитIиялъе гIилла буго Дагъистан Республика цебетIезабиялъе районазгун росабаз хIадурарал мисалиял проектал тIатинари.

Гьел рукIине бегьула муниципалиял гIуцIиязул (физическиялгун юридическиял лицабазул, индивидуалиял предпринимателазул, «Унсоколо район» МОялда хъвай-хъвагIай гьабурал). Гьарула конкурсалда гIахьаллъи гьабе,-ян.

Конкурсалда гIахьаллъиялъул хIакъалъулъ цIале РДялъул Минэкономикаялъул сайталда **www.minec-rd.ru**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 49 (7189)*
*3 декабрь 2015 сон*



***- 2013 соналъул 28 январалда бахъараб федералияб законалъул 17 абилеб статьялъул 14 ва 15-абилел пунктазда рекъон, 30 соналъ росдал магIишаталда хIалтIарал, росулъ гIумру гьабун ругел ва хIалтIудаса гIодор чIарал пенсионеразе, 2016 соналъул тIоцебесеб январалдаса нахъе, пенсия цIикIкIине буго 25 проценталъ.***

*Ахирисел харбал*

# Ансалги цере рахъана



29 ноябралда МахIачхъалаялда ГIурус театралъул залалда букIана «Душа Дагестана»,-абураб Пачалихъияб премиялъул лауреатазул концерт. Гьеб гIуцIун букIана культураялъул министерствоялъ, Дагъистаналъул миллияб политикаялъул ми нистерствалъ, республикаялъул муниципалияб гIуцIаба зул квербакъиялдалъун.

Концерталда лауреатазда цадахъго гIахьаллъи гьабуна «Гражданазул общества-лъул культураялъулъ умумазул гIадатал»,-абураб республикаялъул конкурсалда бергьун рукIарал Россиялъул халкъазул гIадатазул культураялъул Централъул бищунго лъикI цере рахъарал творческияв коллективаз; Хайдакъ Гъизляр, Кули, Леваша, МухIаркамент, Буйнакск, Унсоколо ва Хасавюрт районазул коллективаз. Жидежидер ишазулъ унго-унгояв махщелчагIаз – лауреатаз жидерго церерахъиназда бихьизабуна к1удияб гьунар. НекIсиял музыкалиял инструментазда: кеманчаялда, пандуралда, зурмида, сазтаралда халкъиял макъналгун цере рахъараз рихьизаруна «Эхо гор», «Темир-Ханшура», «ГIахъуша», «Хадар», «Унцукуль», «Лукоморье» ва цогидаги хореографическиялгун фольклоралъул ансамблязул миллиял костюмал.

# Лъимал кантIизарулеб тадбир

**Гьал къоязда ГIашилтIа школалда тIобитIана «Терроризму – нет!»,-абураб темаялда данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна школалъул цIалдохъаби –ясаз, классазул руководителаз, школалъул администрациялъ, ГIашилтIа росдал МОялъул администрациялъул замас ва росдал имамас.**

Собрание байбихьана школалъул вожатая П. БатIаловалъул кIалъаялдасан. Гьелъ гIолилазда рекIелъе кколеб хIалалъ бичIчIизабуна гьоркьоб лъураб суалалъул магIна-кIвар. Рехсана ахираб заманалда Россиялдаги Дагъистаналдаги террористазул квераздасан ккарал камиял, лъугьа-бахъиназул мисалал. БичIчIизабуна ясазда, террористазул къукъаялъ васал гурелги ясалги жидерго къорикье ккезе жигар бахъулеб букIиналъул. Ахиралда БатIаловалъ цIалдохъаби ахIана гIумроялъул битIараб нух тIаса бищизе.

Хадув кIалъана росдал имам Ризван ХIажиев. Гьес МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) хIакъикъиял хIадисазул кьучIалда гIун бачIунеб гIелалда бичIчIизабуна исламалъул пачалихъалъул (Россиялда гьукъараб организация) цIаралда гьоркь гьел гIадамаз гIассияб такъсирал гьарулел рукIиналъул. ХIажиевас абуна гIемерисеб мехалда гIун бачIунеб гIел гьез жидерго сетадде гьоркье цIалел ругин соцсетазул кумекалдалъун, гьес школалъул директорасе предложение кьуна школлъималазе школалда мобильнияб телефоналдасан пайда босизе гьукъизе ккелилан.

Росдал имамасул рахъ ккураб кIалъай гьабуна школалъул директор М. МухIамадшапиевас. Гьес лъазабуна школалда дарсил заманалда телефоналдасан пайда босизе лъималазе гьукъизе бугилан.

Гьеб суалалда хурхун жиндирго пикру бицун данделъиялда кIалъана росдал администрациялъул вакил ХI. Расуловга. Гьесги кIалъаялда гIумроялдасан мисалалги рачун лъималазда бичIчIизабуна исламалъул байрахъалда гьоркь гьез хIакъикъаталда ислам хIакъир гьабулеб бугин, гIадатияй гIадамазда тIад зулму-хIалги гIассилъабиги гьарун. Расуловас ясазда бичIчIизабуна эбел-инсуязухъги, учительзабазухъги, росдал администрациялъухъги, имамасухъги гIенеккани гIумроялъул нухда гьел мекъи ккезе гьечIилан.

Данделъиялъул ахиралда кIалъарав школалъул директорасул зам. ГI. ГIалиевас цIалдохъабазда бичIчIизабуна Сириялда бугеб ахIвал-хIалалда хурхун нилъер президент В. Путиница ритIухъаб хIукму къабул гьабунилан. Гьес абуна унго-унгояв буссурбабаздехун В. Путин ритIухъаб куцалда, адаб-хIурматалда валагьулилан, бихьизабуна «Ислам» абулеб рагIуда сверухъ инсаниятлдаса рахъарал такъсирал гьарураздехун, гIолабго дунялго цадахъ лъугьун, данде къеркьезе хIажат бугилан.

# Тахшагьаралде - сапар

Генерал ГIумар МуртазагIалиевасул 90 сон тIубаялде данде ккезабун Унсоколо районалъул Балахъуни росдал школалда 5-II классазул цIалдохъабазда гьоркьоб лъазабун букIараб ВатIан бокьиялъул темаялда хабар, кечI хьвай ва гьебго темаялда кечI махщалида рикIкIиналъул къецазда бергьарал цIалдохъаби школалъул дирекциялъ экскурсиялъе МахIачхъалаялде рачун рукIана. Гьел цвана Ленинилаб комсомолалъул паркалда бугеб рагъулаб рещалъул музеялде, бергьенлъиялъул аллеялде. Хадур, адабияталъул сон букIинги хIисабалде босун, ана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалде. Гьенир цIалдохъаби дандчIвана, Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб премиялъул лауреат Макьсуд ЗайнулгIабидовгун, шагIирзаби МухIамад ПатахIов ва ГIайшат Малачиевагун. Лъималазе кIудияб асар гьабуна М. ЗайнулгIабидовас Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ пасихIго, жиндиего хасиятал дандекквеялгун бицараб хабаралъ ва цIаларал кучIдуз. Хадур кIалъазе рахъарал М. ПатахIовас ва ГI. Малачиевалъ бицана жалго редакторалъун кколел «Гъудулльи» ва «Лачен» журналазул хIакъалъулъ, цIалана жидерго кучIдул. ЦIалдохъабазги цIалана гьенир кучIдул. Ахиралда шагIирзабаз школалъул библиотекаялъе



сайгъат гьаруна жидерго тIахьал. Р. ХIамзатовасул кабинет-музеялда жаниб ракIалъе цвеялъе рахъана цадахъал суратал. ЦIалдохъаби пайдаяб сапаралдаса разиго хутIана.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

*Спорт*

## Росдал бетIерасул призалъе гIоло

Гьал къоязда Унсоколо росулъ тIобитIана росдал бетIер М. МухIамадовасул призалъе гIоло, «Борьба – лучший вид спорта»,-абураб ахIиялда гьоркь спортивияб тадбир. Гьенир гIахьаллъи гьабуна щуго командаялъ; белехьдерил, майданскиялъул, шамилькъалаялъул ва ансадерил кIиго командаялъги.

Турнир байбихьилалде гIолилазда цеве кIалъазе вахъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна спорталъ хасго речIчIухъанлъиялъ кIудияб асар гьабулин гIолеб гIел куцаялъе,-абун. Гьарана къеркьеялъе лъикIал хIасилал.

Турниралда бергьенлъи босана Унсоколо росдал командаялъ. Гьез ана бетIерасул призги.

**ХI. ХIУСЕЙНОВ**

# Иргьани ханлъиялъул къиса

(Дица мун нахъеги цIалулеб буго, цIадул мацIаз хъвараб, хъулбузул тарих)

Иргьани шагьар биххун хадуб гьелъул риххарал росабалъе чабхъад хьвади байбихьана. Асир гьарурал гIадамал байбихьана озенал ва лагъзаллъун рикьизе, цIикIкIана бикъа-хъами, хъамалчилъи. Гьеб букIана магIарулал чабхъад гуржиялъе, армениялъе хьвадизе байбихьичIеб заман. Гьедин киса-кибего ханлъиялда кутакал пасалъаби рукIана.

Чияр ракьал рахъулев ТемирланилЪ бетIерлъиялда лъарагIаз рухIарал хъулбухъа, ай Даргихъалаялдаса, Ярашхъалаялдаса, ЛекIихъалаялдасаги рачун арал гIадамал ансадерица гьуна жидерго годекIанире. Цебехун бицухъе гьезул церехъабаз лъазабуна уздензаби гьанирехун чIа, лагъзал доб рахъалда чIа,-ян. Щиб кинабали бичIчIуларого гьел ххаган хутIун рукIана.

ГодекIаниса гIадамал гурхIараз жидехъего рокъоре рачун ине байбихьана, тухумазде гIадамалги рикьун, жидецаго гьабураб жо жамагIаталъ къабул гьабичIолъи бихьарал церехъабаз харбал тIиритIазаруна гьел гуржиялъа рикьарал капурзаби ругилан.

**ХIИЖРИЯБ 115 СОН**

МагIарухъе рачIун рукIарал анцIила кIиго гIарабиял-шайихзабазул ункъгоял цвана нилъер мохъалде. Гьел ккола Абулмуслим-шайих, гьесул вацгIал Арслан, Герей, Вали МухIамад, Магъриб МухIамад. ГIемерисеб мехалъ гьел рукIун руго Къудукь. Гьел ункъавго шайих ЧIегIер ХIожол рокъорги рештIун руго. Гьезул тIалабалда рекъон ханасул цебесеб сверухълъиялъ ислам босула ва хехгого гьел гьезул кумекчагIилъун лъугьуна. Гьелдаса хадуб хутIарал Даргихъалаялъул, Ярашхъалаялъул, ЛекIихъалаялъул жамагIатазда ислам малъизе гьенив тола Арслан-герей шайих, Вали МухIамад, Магъриб МухIамадги Къудукье тIад руссуна. Абулмуслим-шайих КушматIасанго Хунзахъе уна. Лъабабго росдал гIадамаз хIажатабщинаб хулжанирги лъун, гIордасан БахIли майданалдеги вачун, нухда регIула гьев. Арслангерей-шайих дихIилаз жидерго рукъалъул чи гIадин щуго соналъ цIунула ва кумек гьабула. Хадуб живго шайихасул гьариялда рекъон гьев вахъинавула хадуб шайихасул къайи,-абун цIар лъураб колоде. Гьениве вахъунелъул гьесул букIана лъикIалан гIи-цIани, хIама, боцIи. Лъабабго росдал гIадамаз гьесие закагIатги кьолаан. Шайихас жиндирго хвалчен лъабабго росулъ къватIибе бахъизе ккечIо Абулмуслимица Хунзахъ гIадин

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 49 (7189)*
*3 декабрь 2015 сон*

*3 гьумер*

**Садовод**

Страница в номере



# Заявление ВСМУ относительно участия Российской Федерации в военной операции в Сирии

Доха, 29 мухаррам 1437 г. х./ 12 ноября 2015 г.

Хвала Аллаху Милостивому, Милосердному!
Благословение и приветствие Посланному как милость для миров, и всем его братьям — пророкам и посланникам, и тех, кто в добродетели последовал за ним до Судного дня!




***Достопочтенным членам Всемирного союза мусульманских ученых (да хранит их Аллах).***

***Мир вам, милость Аллаха и благословение Его!***

***Пользуясь случаем, от души приветствую вас и молю Аллаха, чтобы он благословил вас и ваши усилия в служении Исламу и мусульманам.***

***В ответ на ваше письмо, полученное нами от нашего представителя в Российской Федерации, хотел бы дать следующие разъяснения нашей позиции:***

1. Всемирный союз мусульманских ученых — всемирная организация, представляющая десятки тысяч мусульманских алимов всего мира, а также десятки светских ассоциаций и объединений. Он позитивно относится к Российской Федерации, которая сегодня поддерживает арабов и мусульман своей позицией по проблеме Палестины и подобным ей проблемам.

Мы приветствовали произошедшее после распада Советского Союза возвращение России на арену принятия важнейших политических решений во имя строительства многополярного мира и надеемся, что Россия будет поддерживать мусульманские народы, так как режимы приходят и уходят, а народы и их духовные ценности остаются.

2. Подтверждаем вам, что ВСМУ стоит на умеренных позициях, и наша единственная цель — служить интересам мусульман и других людей. Будучи привержены нашим особым отношениям с Российской Федерации, мы работали и будем и впредь работать ради блага мусульман, ради стабильности в Российской Федерации.

3. На всех конференциях, проходивших при нашем участии в Российской Федерации на протяжении последних пяти лет, мы проявляли заботу об оказании любой возможной помощи нашим мусульманским братьям и всегда осуждали насилие и террор. Нами были также изданы фетвы, в которых указывалось, что республики, в которых проживают мусульмане, не являются территорией войны, а представляют собой, согласно шариату, территорию мира. Поэтому в них нельзя объявлять войну мусульманам и муахадам (это те, с кем у мусульман есть договор о примирении и отказе от военных действий), и для этого нет шариатских оснований. Мы также обратились к молодым людям, взявшим в руки оружие, ошибочно полагая, что эти республики являются территорией войны, потребовав от них отказаться от насилия, пересмотреть свои взгляды, вернуться в общество и принять участие в обустройстве своей родины, внести вклад в ее прогресс. По признанию высокопоставленных руководителей, деятельность ВСМУ способствовала укреплению безопасности и стабильности в мусульманских регионах России.

4. Мы ясно осудили «ИГИЛ» и установили, что провозглашение «исламского халифата» со стороны этой организации не отвечает никаким шариатским критериям и реалиям нашего времени. Мы отмечали это, в частности, на Международной богословской конференции «Умеренность в религии — путь к миру, добрососедству и прогрессу», прошедшей в столице Ингушетии г. Магасе 14 мая 2015 года.

Учитывая агрессивный характер псевдохалифата ИГИЛ, убивающего тысячи мирных людей и угрожающего жизням и безопасности миллионов людей, мы с пониманием относимся к применению Россией и другими странами мер силового противодействия агрессивной экспансии «ИГИЛ» и всех тех, кто убивает и творит насилие в отношении мирных людей. Мы с пониманием относимся к озабоченности России тем, чтобы боевики этой террористической организации не направлялись потом на территорию России.

5. Исходя из нашей любви к мусульманам и ко всем гражданам Российской Федерации, мы искренне не желаем, чтобы в Сирии погибали россияне. Наши расхождения с позицией России касались только отношения к умеренной оппозиции персонально к Башару Асаду. Мы считаем, что сирийский народ имеет полное право его сменить. При этом мы согласны с вами в том, что смену режима должен осуществлять именно сирийский народ, а не другие страны. Мы приветствуем, что Россия вместе с другими странами ищет политическое решение для того, чтобы обеспечить свободное волеизъявление сирийского народа.

Наше прежнее заявление содержало возражения исключительно против вмешательства извне во внутрисирийское противостояние, включая военное. Это особенно опасно, когда при воздушных ударах гибнут мирные люди. При этом нас радует, что МИД России выступил за сотрудничество с конструктивной сирийской оппозицией.

6. ВСМУ считает Россию важным партнером мусульманских стран, и она имеет статус страны-наблюдателя в Организации исламского сотрудничества, и хочет развивать с ней добрые конструктивные отношения.

Мы хотели бы, чтобы Российская Федерация активно участвовала в восстановлении безопасности и спокойствия в Сирии, способствуя появлению в этой стране избранной власти, которая представляла бы сирийский народ, а не диктаторский режим, убивающий своих соотечественников, не ИГИЛ и не «Аль-Каиду». Мы считаем, что такое развитие событий будет в интересах России, обеспечит доверие к ней и ее возвращение на арену мусульманского мира.

Во избежание возникающих недоразумений при принятии документов, затрагивающих интересы России и мусульман России, следует предварительно проводить консультации и обсуждения с мусульманскими учеными России.

Воздадим же хвалу Аллаху, Господу миров!

Ваш любящий брат

***Шейх д-р Али Мухи ад-Дин аль-Карадаги***
***Генеральный секретарь ВСМУ,***
***Вице-президент Европейского совета по фетвам и исследованиям***

# Отдел просвещения при Муфтияте РД по Унцукульскому району

Дорогие жители Унцукульского района! В нашем районе начал свою работу «отдел просвещения при Муфтияте РД по Унцукульскому району», который занимается культурно-патриотическим и духовно-нравственным просвещением населения Унцукульско го района.

В рамках своей деятельности Отдел просвещения Унцукульского района:

- сотрудничает со всеми госучреждениями и в частности с общеобразовательными школами, с дошкольными учреждениями, с учреждениями дополнительного образования, со СМИ и интернет-порталами, а также с молодежными и общественными организациями и т.д.
- организует и участвует в мероприятиях направленных на духовно-нравственное и культурно-патриотическое воспитание молодежи, а также всех граждан.
- организует и проводит просветительские лекции для учащихся школ, для родителей, для студентов, для воспитанников дошкольных образовательных учреждений и учреждений дополнительного образования, для коллективов учителей школ, для работников госучреждений и т.д.
- осуществляет деятельность по изучению и разработке программ и методов обучения и воспитания подрастающего поколения с максимальным использованием потенциала этнопсихологии, этнопедагогики и педагогики ислама.

Целью деятельности отдела просвещения является обучение и воспитание гражданина как здорового и грамотного патриота Дагестана и России, знающего свой край и свою историю, почитающего своих предков, знающего и соблюдающего этику и нормы своей религии, что станет основой обеспечения мирного позитивного развития человечества и надежным щитом против любых разрушительных процессов в обществе.

Руководитель отдела просвещения при Муфтияте Республики Дагестан по Унцукульскому району-Абдурахманов Абдурахман Магомедгаджиевич

Подписывайтесь на один из наших ресурсов в интернете на сервисе **Instagram Отдел Просвещения Унцукуль**

Любой желающий, кто хочет с нами сотрудничать или предложить свою помощь в просветительской деятельности обращайтесь к нам через соц. сети в Интернете или через имамов селений.

**Всевышний Аллагь сказал в Коране: «Помогайте друг другу в добре и богобоязненности, и не помогайте в грехах и вражде» (сура №5 Маидат аят 2).**

*Экстремизм-терроризм*

# ИГИЛ бижараб куц



ИГИЛ ккола батIи-батIиял къокъаби журан лъугьараб гIуцIи. ИГИЛалъул къучIлъун ккола суннитал-радикалал ва Америкаялъ Иракалъул ракьал рахъун хадур балъгоял къокъаби гIуцIарал офицерзаби-баатистал, ИГИЛалъул къакъаби Сириялде тIаде кIанцIана. Гьенир ИГИЛалде лъугьунезул къадар ва къуват цIикIкIана. Гьелъ Сириялда кверщел гьабизе байбихьана. ИГИЛалъе лъикIабго къуват къуна щибго ихтияргин гьечIого ГIиракъалъул ишазде гьоркьобе лъугьараб ва Саддам ХIусен тIаса рехараб Америкаялъул политикаялъ. ГIиракъалда гIадлу-низам хвезабуна Америкаялъ. Америка ГIиракъалде бачIиналде букIана гьениб суннитазда ва шигIитазда гьоркьоб дандеккунгутIи. Амма Америкаялъул «кумекалдалъун» гьеб сверана улкаялда жаниб унеб рагьараб рагъде. Гьелъул хIасилалда суннитал хIакимлъуде рачIана, гьезухъе щвана гIемераб ярагъ ва ахиралда гьез гьеб Америкаялде дандеги хIалтIизабуна.

Америкаялъ гьеб мехалда кумек гьабизе байбихьана «Ал-КъагIидаялъе». Америкаялде божигун рукIарал шигIитазе гьеб дандеккечIо. Дагь-дагькккун ИГИЛалда кверщел гьабизе рес щвана гьачагъазе. Америкаялъул кIудияб гьалатIлъун рикIкIине бегьула гьелъ Башар Асадида данде чIезе кумек гьаби. ИГИЛ къобахъанагIан кIодолъулеб буго ва гьелъул кверщаликье нарт ва ГIиракъалъул экономика щвана. Гьенир руго ГIагараб Бакъбаккудаса, Севериаб Африкаялдаса, Европаялдаса, Америкаялдаса, Австралиялдаса гIолилал. Пашманлъизе ккараб жо – гьенир руго Россиялдаса гIолилалги.





ЦРУялъул баяназда рекъон, ИГялъ жиндирго хIакъалъулъ рагьун лъазабидал, боевиказул къадар лъабго нухалъ цIикIкIана.

# Нуж Аллагьас цIунаял!

Гьаб соналъул 27 ноябралда тохлъукьего маркIачIудаса хадуб МухIамаев ХIасанхIусенил минаялда цIа рекIана. ТалихIалъего гьеб заманаялда минаялда жанив чи вукIинчIо. Гьенире тIаде гIададамал щвелалде цIадуца рукъзабазда кверщел гьабураб киниги жанире лъугьине рес букIинчIо. Киса-кибго рекIун букIана цIа. Рес букIана аскIор ругел рукъзабаздаги цIа рекIине. Хехго тIаде щвана гIолохъаби, абизе бегьула гьеб сордоялъ росулъ рокьов чиго хутIун ватиларилан. Гьедин цIикIкIараб кумек щвеялъ, гIолохъабаз цIа къватIибехун пархизе биччачIо. Гьединаб иш ккараб заманалда нилъер гIолохъаби битIахъе го цIадаре кIанцIула, гьедин ккана гьенибги.

Гьедин бахIарчилъиялда, хIинкьичIого цIа свинабизе кумекалъе рачIарал гIадамазе, хасго гIолохъабазе, руччабазе ва тIолабго жамагIаталъего ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго ХIасанхIусенил хъизаналъ, лъималаз ва тIолабго гIагарлъиялъ районалъул «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун.

Аллагьас нуж хъизан-лъималаздаса рохун хутIаги, щулияб сахлъиги, халатаб гIумроги кьеги, нуж Аллагьас цIунаял!

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСАН:**

Гьаб моцIалъул 2 анкьида жаниб кIиго нухалъ ккана Унсоколо росулъ цIа. ЦIадуца гурхIел гьабуларелъул. Цере арал сонази 2-3 нухалъ борхун букIана гьаб суал. Амма гьелда хурхун районалъул нухмалъулез щибниги хIалтIи гьабичIо. ЦIа свинабулеб машина росулъ букIарабани гьел рухIарал рукъзабазухъа дагьабниги къайи бухIичIого хутIилаан ва минабиги тIуранго рухIилароан. Унсоколо росулъ гьечIо цIа свинабиялъе щибниги шартIал, гьечIо кIудияб хIор яги машина. Гьаб заманалда дагьаб гьайин бихьун гурелъул нилъеца рукъзалги гьарулел, къайиги босулеб.

Генуб поселокалдаса бахъараб машина росулъе бахине ккани балеб буго кIиго сагIат гIанисеб мех. Гьеб заманалда жаниб цIа рекIараб бакI бухIичIого хутIилищ?.

Унсоколо росдал руго сахаватал гIадамал. РачIаха нилъецаго гIаги, росулъ площадалда цIезабун щиб букIине цIа свинабулеб машина босизе гIарац бакIаризин. Гьелдаса кири кIудияб иш щиб букIинеб. Хадубккун гьединаб балагь лъил рокьобе бачIинебали нилъеда лъаларелъухха.

Аллагьас тавпикъ кьеги нужее лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги.

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

# ГIакъилал жугьаби

БахIарчиясул васал къадарал лъугьин щакаб,
Щибго намус гьечIесул, вас сахав вукIунаро.
* * *
Сахав чи гIалхуда чIа, гIадамазда вихьула,
ГIадаллъи жиндилъ бугев, цеве чIа-вихьуларо.
ГIалимчи гьаб халкъалъе, хвел гьечIев инсан вуго,
Хабалъ мусру баниги, месед вукIанин толев.
* * *
Нилъерго хIурмат ккурав, воре дуца какуге,
Кина-кинав чиясда рекIел рагIи бицунге.
* * *
ВацIцIадав, цIар тIокIавги цIадав лъун вухIуларев,
ХIалихьатав, хъубав чи чурун вацIалъуларев.
* * *
Мун вокьарав гьудул гьаве цIакъ гIагар,
Вокьуларев рокьукъ, къол нухалъ рикIкIад.
* * *
Холеб рагIул бетIергьан, гьудуллъунги гьавуге,
ГьечIони рес гьабулев, гьудул рехунги тоге.
* * *
РетIунеб ретIел цIияб, цIар буго гIадамасе,
ЦIоралде ун вуссине, басрияв гьудул лъикIав.
* * *
Меседил гIандаракин, дурцги гьаве,
ГIарцул кIиликIичIин нусги те.
* * *
Унтуе дару тIагIун, дар-дарун хутIугеги,
Гьабизе сабаб тIагIун, салсалунги тогеги.
* * *
Чурпа гьалараб бугин, гьан кьаралъараб бугин,
Нилъерго чехь бугелъул, чияр квен гIемер кунге.
* * *
Бицунеб рагIиялда гьодги букIине ккела,
Гьабулеб хIалтIиялда бегIги букIине ккела.
* * *
Махщел камилаб лъикIаб, кинасего пайдаяб,
Кунеб гьарзаяб лъикIаб, гьабулелъул тIагIамаб.
* * *
Биччараб бакълъиги, бакъвараб хьунлъиги беццулареб,
Роцен гьечIеб рикьзиги, къачIеб хурги цого жо.
* * *
ГIумру гIелмуялъ лъалъай, гIамалалда пихъ базе,
ГIаламалъ кванангIан, цIикIкIун каралъ бижулеб.
* * *
Воре хIелму гьабе, гьелъ мун кIодо гьавулин,
Дин бичIчIи тIалаб гьабе, гьелдалъун цеве тIолин.
* * *
Чидай хIелиялдаса хIалккун рукIин рекъараб,
ХIалккун, хьул къотIун вукIин Къуръаналда беццараб.
* * *
МацIидалъун хьвадарав гIагаразе рихуна,
Цогидазе къаллъула, кьерилазе кьогIлъула.
* * *
ЧIухIани цщим бахъуна, хIелани кIодолъула,
Бахиллъани какула, квер халатав веццула.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолабго хIалтIухъабаз, профсоюзалъул комитеталъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гIемерал соназ Балахьуни росдал школалда учительлъун хIалтIарав

**ГIабасов МухIамад**

хвеялда бан, гьесул хъизан СагIадатида, ясал Заремада, Лейлада, дурц ХIажимурадида ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабругI кьеги.

## БИТIИЗАБИ

27 ноябралда къватIибе араб № 48 бугеб «Ахихъан» газеталъул тIоцебесеб гьумералда лъураб «АТКялъул Центр гIуцIана»,-абураб материалалда гьалатI ун буго. Гьеб ккола мугIрузулаб округалъул адаптационниябгун, рекъел, рагIи дандеккей букIиналъул Центр». Гьедин цIализе ккола.


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28**<br><br>**Телефон редактора 55-63-07**<br>**sadovoduns@yandex.ru** | Адрес издателя:<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать 2.12.15 г. 16,100<br>фактически -16.10 мин.<br>.........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1500 экз. |